

**ENPÒTAN !**

Fòm sou desizyon pou enskri nan One Care la mande w pran yon desizyon sou si w vle gen kouvèti MassHealth e Medicare atravè yon plan One Care. Ou gen tout dwa pou w poze kesyon anvan w deside si One Care ap bon pou ou. *W ap kontinye gen benefis Medicare e MassHealth ou yo si w antre nan yon plan One Care.*

Plan One Care yo ap kouvri tout benefis medikaman preskripsiyan Medicare ak MassHealth ou yo, ki gen ladan Medicare Part D. Plan One Care yo ap founi tou kowòdinasyon swen epi aksè nan sèvis ki baze nan kominate a jan sa dekri nan Gid enskri nan One Care la. Ou ka telechaje Gid enskri nan One Care la sou sit entènèt One Care la nan : [www.mass.gov/one-care](http://www.mass.gov/one-care).

Pou plis enfòmasyon :

- ▶ monte nan sit entènèt One Care la nan : [www.mass.gov/one-care](http://www.mass.gov/one-care)
- ▶ monte nan sit entènèt plan One Care yo :
  - ◆ Commonwealth Care Alliance : [www.commonwealthonecare.org](http://www.commonwealthonecare.org)
  - ◆ Tufts Health One Care : <https://tuftshealthplan.com/member/tufts-health-one-care>
  - ◆ UnitedHealthcare Connected : [www.uhccommunityplan.com/ma](http://www.uhccommunityplan.com/ma)

**Ou ka di nou si w vle enskri nan One Care lè w ranpli Fòm sou desizyon pou enskri nan One Care sa a**

Itilize fòm sila pou :

- ▶ Enskri pou yon novo plan One Care.
- ▶ Chanje plan One Care ou gen aktyèlman pou yon lòt plan One Care diferan, si genyen.
- ▶ Deside si w pa vle enskri ankò nan One Care ankò. Kouvèti One Care ou genyen an ap kanpe nan dènye jou mwa a.
- ▶ ENPÒTAN : Si w resevwa yon lèt nan men MassHealth ki di ou w ap enskri nan yon plan One Care, konnen ou ka sèvi ak fòm sa a tou pou w chwazi yon plan diferan oubyen pou di n ou pa vle enskri ankò nan One Care ankò. Ou gen 60 jou apati dat ou resevwa premye lèt la pou w ranpli fòm sa a epi fè yon diferan chwa anvan enskri nan One Care la an vigè.

**Kòman pou ranpli Fòm sou desizyon pou enskri nan One Care la**

Pou antre nan One Care oubyen pou chanje plan One Care : **OUBYEN Si w pa vle nan One Care :**

Make ti kare ki akote plan One Care ou vle ladann lan.

- ▶ ENPÒTAN : Ou ka sèlman chwazi yon plan One Care ki nan konte kote w ap viv la.
- ▶ Pou konnen ki plan ki disponib nan konte kote w ap viv la, gade paj "One Care Plans" lan sou sit entènèt One Care la nan : [www.mass.gov/one-care](http://www.mass.gov/one-care).

Make ti kare ki akote "M pa vle enskri nan One Care."

- ▶ Si w make ti kare sa a e ou pa nan yon plan One Care, w ap kontinye resevwa swen ou yo menm jan w ap resevwa yo aktyèlman.
- ▶ Si w make ti kare sa a eou enskri nan yon plan One Care, w ap retounen nan MassHealth epi nan Original Medicare.

**Si w vle poze kesyon**, telefonnen sèvis kliyantèl MassHealth la (lendi - vandredi, 8:00 a.m. – 5:00 p.m.) :

(800) 841-2900, TDD / TTY : 711. Si w bezwen akomodasyon espesyal pou w kominke avèk nou, ou gendwa kontakte sèvis kliyantèl MassHealth la tou oubyen Ombudsman pou akomodasyon poutèt andikap nan MassHealth nan nimewo (617) 847-3468 oubyen nan TTY : (617) 847-3788. Enfòmasyon sa a disponib tou anliy nan [www.mass.gov/one-care](http://www.mass.gov/one-care).



## FÒM SOU DESIZYON POU ENSKRIPSYON NAN ONE CARE

Ekri avèk lèt detache

KIJAN W RELE : .....

ADRÈS : .....

VIL / ETA / KÒD POSTAL : .....

Nimewo telefòn lajounen : .....

Dat nesans : (MM/JJ/AAAA) : ..... Sèks :  F  G

Èske w gen maladi ren nan dènye faz (ESRD)?  Wi  Non

Nimewo didantite MassHealth : .....

Nimewo Medicare (li make sou katon Medicare wouj, blan, e ble ou a) : .....

### Lòt kouvèti swen medikal

Gen kèk moun ki gen lòt asirans medikal oubyen lòt kouvèti pou medikaman atravè asirans prive, TRICARE, travay yo, sendika, Veterans Affairs (zafè veteran), oubyen nan pwogram eta apou asistans famasetik.

Èske w gen lòt kouvèti medikal anplis MassHealth oubyen Medicare?  Wi  Non

Si se wi, ranpli enfòmasyon yo annapre yo.

Kòman plan w lan rele (e konpayi travay ou, si w gen youn) : .....

Nimewo gwoup la : ..... Nimewo idantifikasyon : .....

Kòman plan w lan rele (e konpayi travay ou, si w gen youn) : .....

Nimewo gwoup la : ..... Nimewo idantifikasyon : .....

Si w gen lòt kouvèti medikal, ou gendwa pa ka enskri nan One Care.

### DESIZYON SOU ENSKRIPSYON W

Tanpri, chwazi **youn** nan ti kare ki annapre la yo pou w di MassHealth desizyon w sou enskripsyon w.

- Tufts Health One Care
- Commonwealth Care Alliance (CCA)
- UnitedHealthcare Connected
- M pa vle enskri nan One Care. (Si w pa nan One Care, sa vle di w ap kontinye resevwa swen medikal ou yo menm jan w ap resevwa yo kounyela ; si w aktyèlman nan One Care, w ap retounen nan MassHealth e Original Medicare.)

**Tanpri, ranpli paj devan ak dèyè fòm sa a epi remèt li nan anvlop ki avèk fòm lan bay MassHealth :**

Adrès lapòs :

OURBYEN

Nimewo faks :

Health Insurance Processing Center

(617) 988-8903

ATTN: One Care Enrollment

PO Box 4405

Taunton, MA 02780

Tanpri, remèt bay MassHealth toude paj *Fòm sou desizyon pou enskripsyon nan One Care*.

## **Tanpri, li e siyen non w pi devan an.**

Lè w siyen fòm sa a, li vle di ou konprann sa ki make annapre la a.

- Plan One Care yo gen kontra avèk gouvènman federal la e avèk Massachusetts.
- Sèvis sante mwen jwenn avèk nouvo plan mwen an gendwa diferan parapò ak sèvis m te gen anvan.
- Se pou m kenbe Medicare Part A, Part B, e MassHealth.
- Mwen ka sèlman nan yon plan Medicare alafwa.
- Lè m antre nan yon plan One Care m ap alò kanpe enskripsyon m nan yon lòt plan medikaman ki vann avèk preskripsyon nan Medicare.
- Se pou m di Medicare e MassHealth ki tout kouvèti medikaman ki vann avèk preskripsyon mwen genyen oubyen gendwa genyen pi devan.
- Si m chanje adrès, m dwe avèti MassHealth.
- Kòm manm nan yon plan One Care, m gen tout dwa pou m fè yon apèl si m pa dakò avèk desizyon plan One Care mwen an sou peman oubyen sèvis.
- Plan One Care pa jeneralman kouvri moun pandan yo nan lòt peyi.
- Nan dat kouvèti plan One Care mwen an kòmanse, m ka kontinye gen aksè avèk doktè mwen gen alèkile yo jiska 90 jou. Apre 90 jou, mwen dwe resevwa swen medikal mwen yo nan men founisè e famasi ki nan plan One Care, eksepte nan ijans oubyen si m bezwen swen la menm, dyaliz andeyò zòn lan, oubyen si m gen otorizasyon plan One Care mwen an pou m suiv ak lòt founisè pou kèk sikonsans. Plan One Care mwen an ap ede m jwenn nouvo founisè si m bezwen.
- Si m bezwen suiv ak yon doktè oubyen lòt founisè ki pa nan plan One Care mwen an, m gendwa bezwen otorizasyon alavans oubyen m gendwa gen pou m peye mwenmenm pou sèvis mwen resevwa.
- M konprann si yon vandè / vandèz ki travay pou plan One Care ede m enskri, plan One Care la gendwa peye moun sa a.
- Lè m antre nan yon plan One Care, m konnen plan One Care la gendwa pataje enfòmasyon mwen yo avèk Medicare epi avèk MassHealth epi lòt plan jan sa ta nesesè pou tretman, peman, e jesyon swen medikal.
- M konprann medikaman preskripsiyan kouvri, men se pa toujou menm medikaman m ap pran alèkile yo. M konprann m ap gen aksè nan medikaman m ap pran alèkile yo pou omwen 30 jou, jouk tan m chanje pou yon lòt medikaman.
- M konnen plan One Care mwen an gendwa pataje enfòmasyon mwen yo, sa gen ladan enfòmasyon sou medikaman preskripsiyan mwen yo, avèk Medicare epi avèk MassHealth. Yo gendwa pataje I pou rechèche lòt rezon, jan lwa e règleman federal oubyen eta pèmèt sa.
- Enfòmasyon sou fòm sa a korèk dapre tout konesans mwen. M konprann si sou fòm sa a m bay move enfòmasyon pa espre, y ap dezenskri m nan plan One Care mwen an.
- Siyati m (oubyen siyati reprezantan otorize mwen an) sou fòm sa a vle di m li epi m konprann sa ki make nan fòm lan. Si yon reprezantan otorize siyen, siyati moun lan vle di li gen otorizasyon dapre lwa eta pou fè enskripsiyan sa a, epi dokimantasyon sou otorizasyon sa a disponib lè Medicare epi/oubyen MassHealth fè demann lan.

**Siyati ou :** ..... **Dat :** .....

Si w se yon reprezantan otorize, se pou w founi enfòmasyon annapre a, epi siyen epi mete dat la anba la a.

Non w (ekri avèk lèt detache) : ..... **Siyati :** .....

Adrès : ..... **Nimewo telefòn :** .....

Kisa w ye pou moun ki enskri a : ..... **Dat jodia :** .....

Tanpri, remèt bay MassHealth toude paj *Fòm sou desizyon pou enskripsiyan nan One Care.*